



**Komite Edikasyon Asbury Park**  
910 4<sup>th</sup> Avenue  
Asbury Park, New Jersey 07712  
(732) 776-2606 Ext. 2423  
**Dr. RaShawn M. Adams, Sipèntandan**  
**Geoffrey Hastings, Administratè Biznis/Sekretè Komite**

## **Notifikasyon Pou Paran Eta New Jersey Yo Konsènans Plan Tès Evalyasyon Pou Ane 2021-2022**

Chè Paran ak/oswa Gadyen,

Daprè N.J.S.A. 18A:7C-6.6, distri lekòl yo oblije chak ane pou bay notifikasyon ak paran ou byen moun ki responsab timoun yo enfòmasyon ki konsène tès ke leta oswa tès ke tout timoun nan peyi ya dwe pran, timoun nan distri nou an ap pran tès sa yo pandan ane eskolè a. li enpòtan pou konprann ke se pa tout timoun kap pran tout tès yo.

**Spesaylman, nou dwe pataje enfòmasyon sa yo:**

- Nan ki sijè ak ki nivo klas la ap fèt;
- Dat ekzat ou byen plizyè dat ki posib pou yo pran tès la;
- Konbyen tan elèv la genyen pou kòmanse ak fini tès la;
- Nenpòt aranjman oswa nenpòt sa elèv la bezwen;
- Enfòmasyon sou kijan ak kilè elèv la paran li ou byen moun ki responsab ka jwenn kèk egzanp sou kalite kesyon ak repons ki ap nan tès la epi rezilta elèv la;
- Si Tès la se leta oswa gouvènman ou byen tou lè de ki egzije li.

An repons a kondisyon ki anwo yo, lis ki anba se yon modèl de kalandrye ki bay tout kondisyon yo mande pou tès planifye ke distri nou an pral mete an aplikasyon pandan ane lekòl la. Pa bliye ke distri ap bay elèv yo tout sa yo bezwen pou yo pran tès la jan la lwa mande sa. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan enfòmasyon sa ou byen konsènan sa timoun a ap bezwen pou gradye, tanpri kontakte administratè oswa konseye pitit ou a.

Pou kòmansman ane 2021-2022, men orè ak enfòmasyon sou dat tès yo.

<b>Non Evalyasyon</b>	<b>Sijè</b>	<b>Nivo Klas Ki Ap Pran Tès</b>	<b>Tan Ki Oüvri Pou Pra Tès La</b>
NJSLA ELA/Administrasyon Prentan Matematik Regilye	ELA ak Matematik	ELA Klas 9yèm FY ELA a ak Matematik Klas 3-8	4/25/22 jiska 6/3/22
New Jersey Evalyasyon Aprantisaj pou Elèv (NJSLA) Langaj Atizay an Anglè (ELA)/ Matematik Pou Lekòl Segondè nan klas (blòk) Prentan	ELA ak Matematik	ELA, ak Matematik Kals 9yèm Aljèb I	5/2/22 jiska 6/10/22
NJSLA ELA//Matematik Lekòl Segondè an Ete	ELA ak Matematik	ELA, ak Matematik Kals 9yèm Aljèb I	7/25/22 jiska 8/5/22
NJSLA Administrasyon Syans	Syans	Klas , 5, 8, 11	4/25/22 jiska 6/3/22
ACCESS ak yon lòt ACCESS pou ELLs	Tès Konpetans nan Lang Anglè	K-12	2/14/22 jiska 4/8/22

**Tès Anglè ak Matematik eta New Jersey bay elèv yo (NJSLA-ELA) epi pou Matematik (NJSLA-M)** se pou detèmine si yo pare ou sou wout pou ale nan univèsite ou byen karyè yo chwazi nan de domèn sa yo. Tès Anglè teste abilite elèv yo pou yo li ak konprann yon seri de sijè ki nan nivo yo pou kont yo. Li bay tou yon ide sou abilite elèv la pou li ekri apre li finn li e analize yon liv oswa yon dokiman. Tès Matematik la li detèmine kijan elèv la konprann matyè a epi li ofri lòt enfòmasyon anplis nan matematik pou nivo yo, li bay tou abilite pou fè lojik ak èkzamp.

Pou plis enfòmasyon sou sijè evalyasyon sa yo ou ka jwenn li nan ofis sit tès: <https://www.nj.gov/education/assessment/>

**Tès pou Syans eta New Jersey ap bay elèv nou yo (NJSLA-S)** ranplase tès abilite ak konesans New Jersey (NJ ASK) pou Syans epi tès konpetans Bioloji nan New Jersey (NJBCT). Nouvo tès sa lap mezire abilite elèv yo nan syans selon standar eta New Jersey. Standar sa yo mande lekòl yo pou aprann elèv yo kijan pou yo itilize syans, epi pratike kreye, pou bay sans a evènman syantifik epi jwen solisyon ak pwoblèm. NJSLA-S bay tès minm jan ak NJSLA-M.

### **Kesyon Komen:**

**Ki longè tès la?** Chak pati ap pran 90 minit. Ou dwe rete nan sal klas la pandan tout tan tès la.

**Kisa mwen ka fè poum preparem?** Kalmew epi pran yon bon dejene. Lè wap pran tès la, finn li tout kesyon an anvan epi reponn tout kesyon yo. Sonje, nan chak tès gen kèk kesyon ki dirèk, gen kèk se pou ou chahe konprann sa yo vle di, epi gen lòt ke ou pa twò abitye avèk yo. Sa pa yon pwoblèm, fè sa ou kapab.

**Kisa pou pote?** Pote yon òdinatè ki byen chaje, pote anpil kreyon epi si ou genyen seri ekoutè ou mèt vini avèk yo.

Nou ankouraje paran yo pou vizite sit sa yo pou lis enfòmasyon sou tès sa yo epi ou ka fè pratik sou leson sa yo.

- Sant resous sou tès pou elèv nan New Jersey (Resous pou Paran): <https://nj.mypearsonsupport.com/ForParent/>
- NJSLA-Syans: <https://measinc-nj-science.com/>
- Depatman Edikasyon ki nan New Jersey ofri plis enfòmasyon sou tès eta a epi revise règleman ke elèv yo bezwen pou yo gradye ak obligasyon sou tès la ou ka jwenn li sou sit yo. Ou ka jwen aksè nan sit entènèt <https://www.nj.gov/education/assessment/>

Sensèman,



Mr. Edwin Ruiz, Direktè Pwogram ak Edikasyon  
Lekòl Distri Asbury Park